
Evite Blese Apre Yon Dezas

Rezime

- Pou anpeche anpwazònman ak monoksid kabòn, pa sèvi avèk dèlko, machin alave a presyon, griy, recho, oswa lòt aparèy ki sèvi ak gazolin, gaz pwopàn, gaz natirèl, oswa chabon andedan kay la, e lè ou sèvi avèk yo deyò, kite yo lwen tout fenèt, pòt, ak twou ayerasyon.
- Swiv règ ki genyen pou sekirite lè moun ap sèvi ak yon si a chenn, epitou sèvi ak si an selon enstriksyon fabrikan an.
- Evite bèt sovaj oswa bèt ki pèdi.
- Evite itilize zouti elektrik oswa aparèy elektrik pandan ou kanpe nan dlo.
- Kondwi san danje, toujou mete senti sekirite ou, pa chita dèyè volan an si ou bwè, e pa kondwi lè dòmi nan je ou.

Pou enfòmasyon ak materyèl pou sijè prevansyon domaj kòporèl presi, tankou kondwi san danje, evite chit, prevansyon vyolans, ak pye fann, gade [Resous pou Evite Aksidan apre yon Dezas](#).

Pwoteje Tèt ou Kont Danje akòz Bèt ak Ensèk

- Evite bèt sovaj oswa bèt ki pèdi, epitou ensèk ki mòde oswa pike.
- Rele otorite lokal yo pou yo jere bèt.
- Debarase w de bèt ki mouri yo leplivite posib e selon direktiv lokal yo.
- Pou plis enfòmasyon, kontakte azil oswa sèvis pou bèt lokal yo, yon veterinè, oswa Sosyete Imèn (Humane Society) pou jwenn konsèy sou fason pou jere bèt kay oswa bèt ki pèdi, ansanm ak bèt sovaj, apre yon ijans.



Pou enfòmasyon sou pwoblèm spesifik an rapò avèk bèt ak ensèk, gade [Pwoteje Tèt ou kont Danje akòz Bèt ak Ensèk apre yon Dezas](#).

Evite Anpwazònman ak Monoksid Kabòn

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz san odè, san koulè, e ki ka lakòz maladi ak lanmò toudenkou si ou

respire li. Lè gen blakawout pandan ijans tankou siklòn oswa tanpèt denèj, ou ka deside sèvi avèk lòt sous gaz oswa kouran pou chofaj, refwadisman, oswa pou kwit manje. CO ki soti nan sous sa yo ka konsantre nan kay, garaj, oswa machin kanpin ou, e anpwazonnen moun ak bèt ki andedan yo.

- Pa janm sèvi avèk dèlko, machin alave a presyon, griy, recho pou al nan kan, oswa lòt aparèy ki sèvi avèk gazolin, gaz pwopàn, gaz natirèl, oswa chabon andedan lakay ou, nan sousòl, garaj, oswa machin pou kan—pa menm sèvi avèk yo deyò, si yo toupre yon fenèt, yon pòt, oswa yon sistèm ayerasyon.
- Pa chofe kay ou a ak fou a gaz.
- Si ou twò cho oswa twò frèt, oswa ou bezwen prepare manje, pa Si ou twò cho oswa twò frèt, oswa ou bezwen prepare manje, pa mete tèt ou ak fanmi w nan sitiasyon pou yo anpwazonnen avèk CO – mande zanmi, fanmi, oswa yon azil kominotè pou yo ede w.
- Si detektè monoksid kabòn ou a sonnen, kite kay ou touswit epi rele 911.
- Chèche èd medikal touswit si w sispèk ou anpwazonnen ak monoksid kabòn epi ou santi tèt vire oswa anvi vomi.

Pou plis konsèy sou kijan pou evite anpwazonman ak CO, gade [Anpwazonman Monoksid Kabòn apre yon Dezas](#).

Sèvi ak Si a Chenn San Danje

- Itilize, ajiste, e kenbe si a selon jan fabrikasyon an esplike pou fè sa. Detanzantan, tcheke epi ajiste tansyon lam si an.
- Mete ekipman pwoteksyon ki apwopriye, tankou kas, linèt pwoteksyon, pwoteksyon pou zòrèy, gan travay ki epè, epi pantalon ki pa kapab chire.
- Evite manyen fil kouran.
- Toujou koupe onivo ren ou oswa pi ba a.
- Asire ou moun ki toutotou ou rete mam yon bon distans, ki san danje, parapò ak aktivite siye a.
- Avèk yon si a chenn elektrik, pran anpil prekosyon pou evite chòk elektrik.
- Fè atansyon sitou lè w ap koupe pyebwa oswa branch ki koube, tòdye, pandye, oswa kole anba yon lòt objè pandan gen gwo van. Si pyebwa a oswa branch la lage toudenkou, li ka frape moun k ap koupe li a, oswa yon moun k ap pase.



Pou plis konsèy, gade [Prevansyon pou pa Blese ak Si Achenn pandan Moun ap Koupe Pyebwa apre yon Dezas](#).

Evite Danje Elektrik

- *Pa janm* manyen fil kouran, keseswa yo atè oswa kote pou l ye a.
- Pa kondwi nan dlo dòmi si gen fil elektrik ki tonbe nan dlo a. Si yon fil elektrik tonbe sou machin ou pandan w ap kondi, rete andedan machin la epi kontinye kondi ale lwen fil lan.
- Pa janm limen oswa etenn kouran ou menm oswa sèvi avèk yon zouti oswa aparèy elektrik pandan ou kanpe nan dlo. Si sikwi elektrik ak ekipman elektrik yo vin mouye oswa yo nan dlo osinon toupre dlo, etenn kouran an avèk brekè oswa fizib prensipal la sou panno sèvis la. Si ou oblije antre nan dlo dòmi pou rive nan switch kouran prensipal la, rele yon elektrisyen pou etenn li.
- Si ou wè fil elektrik ki dekale oswa k ap fè etensèl lè ou retabli kouran an, oswa si ou pran sant yon bagay k ap boule (menm si ou pa wè ankenn dife), koupe sistèm elektrik la san pèdi tan nan brekè sikwi prensipal la.
- Rele konpani kouran an pou mande l kijan pou enstale e sèvi avèk dèlko kòm sadwa.

Pou plis konsèy, gade [Pwoteje Tèt ou ak Lòt Moun Kont Danje Elektrik apre yon Dezaz](#).

Atansyon ak Materyèl Danjere

- Rele depatman ponpye an pou enspekte oswa retire pwodwi chimik, tank pwopàn, ak lòt materyèl danjere.
- Mete rad ekipman pwoteksyon (pa egzanp, yon respiratè si li nesèsè) lè w ap manyen materyèl danjere.
- Lave po ou si ou panse li te antre an kontak avèk pwodwi chimik danjere.
- Mete gan izole epi fè atansyon si ou gen pou retire yon batri machin. Batri machin yo ka kenbe yon chaj elektrik menm si yo inonde. Evite nenpòt asid ki ka fwite soti nan yon batri machin.



Pou enfòmasyon sou danje pwodwi chimik poze, gade paj [Ijans Chimik lan](#). Pou enfòmasyon sou danje polisyon nan gwo fèm ak etablisman agrikòl yo, al gade sitwèb [Operasyon CDC ki Santre sou Bay Bèt Manje \(CAFOs\) sou \(https://www.cdc.gov/cafos/\)](#).

Atansyon ok Danje Nwayad

- Evite dlo k ap deplase, kèlkeswa pwofondè oswa vitès dlo a. Pa kondi sou wout ki inonde. Dlo ka bwote machin oswa machin yo gen dwa pran pàn. Swiv tout avètisman konsènan dlo sou wout yo.
- Si ou gen pou travay nan dlo inondasyon, oswa tou pre, mete yon jilè sovtaf. Si ou twouve w nan yon zòn kote dlo inondasyon an ap monte, mete yon jilè sovtaf, oswa mete sou ou oswa toupre ou yon lòt kalite aparèy pou flote.

Evite Dife

- Si sa posib, sèvi ak flach oswa lòt lanp a batri alapas balèn.
- Si ou limen balèn, asire w ou mete li nan yon pòt bouji ki san danje, lwen tout rido, papyè, bwa, oswa lòt bagay ki ka pran dife.
- Pa kite yon balèn limen san siveyans.
- Lè w ap netwaye, asire w ou gen omwen de aparèy pou detekte dife, e yo chak dwe gen yon klasman Underwriters Laboratories (UL) omwen 10A, pou chak travay netwayaj.

Atansyon ak Fwit Gaz

- Si ou pran sant gaz oswa ou sispèk gen yon fwit, kite kay la imedyatman. Avèti otorite ijans yo epi pa limen limyè, limen alimèt, fimèn, oswa fè okenn bagay ki ta ka lakòz yon etensèl.
- Pa retounen nan kay la jiskaske yo di ou li san danje.

Diminye Danje Tanperati Vini ak yo

- Lè ou kanpe oswa ap travay nan dlo ki pi frèt pase 75 degre F (24 degre C):
 - Mete bòt kawotchou.
 - Kontwole pou wè si rad ak bòt yo gen bon jan izolasyon.
 - Soti nan dlo a souvan pou pran yon pòz.
 - Mete rad sèk sou ou lè sa posib.
- Anpeche maladi ki gen rapò ak chalè:
 - Rete nan bilding ki gen è kondisyone.
 - Pran pòz nan lonbraj oswa nan pyès ki fre.
 - Bwè dlo ak likid san alkòl souvan.
 - Mete rad ki lejè, ki gen ti koulè pal, e ki lach.
 - Fè aktivite anplènè lè pa fè twò cho.

Pou plis konsèy, ale sou sit entènèt [Chalè Estrèm](#) nan.

Evite Chit

Sekirite sou Echèl:

- Mete echèl lan kanpe sou tè plat.
 1. Pa kanpe sou de mach ki pi wo sou echèl la.

2. Kanpe lanmitan mach echèl la.
3. Pa janm sèvi ak yon echèl pliyan lè li fèmen. Ouvri echèl lan epi peze fèmte ki sou kote yo.
4. Pandan ou sou yon echèl, pa lonje bra w sou kote.
5. Pandan ou sou yon echèl, pa pouse oswa rale anyen.

Sekirite sou Dokay:

- Pou monte sou yon dokay, sèvi ak yon echèl ki omwen twa pye pi wo pase bòdi do kay la.
 1. Fè atansyon lè ou sou yon dokay. Dabitid dokay glise, yo panche, oswa yo wo parapò a atè a.

Kondi avèk Prekosyon

- Ou dwe vijilan sizoka limyè stòp yo kraze oswa pankat nan lari an disparèt.
 - Lè ou rive nan yon kafou ki pa gen limyè, tankou yon stòp a kat sans.
- Evite kondwi nan dlo, sitou lè l ap deplase vit.
 - Sis pous dlo sèlman ka lakòz ou pèdi kontwòl machin oswa kamyon ou.
 - De pye dlo ap bwote pifò machin.
- Pa kondwi nan dlo stagnandòmi si fil kouran elektrik tonbe nan dlo a.
- Si yon fil kouran tonbe sou machin oswa kamyon ou pandan w ap kondi:
 - Kontinye kondi ale lwen fil lan.
 - Pa etenn machin nan, menm si machin nan ap bay ratman.
 - Chita nan machin oswa kamyon ou epi ret tann travayè ijans yo rive.
 - Pa kite okenn lòt moun apa travayè ijans yo pwoche machin oswa kamyon ou.
- Ralanti epi kondi a yon vitès ki san danje selon kondisyon wout lan ak tan li fè deyò a.
- Atansyon ak fatra ak debri sou wout la.
- Kite yon espas ant ou menm ak lòt chofè yo.
- Mete senti sekirite ou toutan.
- Pa kondi, si ou te bwè oswa si dòmi nan je w.
- Asire w pitit ou nan yon chèz pou timoun nan machin nan, epi chèz la byen enstale sou chèz dèyè a, pou chak vwayaj.
- Transpòte materyèl premye nesosite nan machin oswa kamyon ou, tankou dlo, manje, dra, ak twous premye swen.



- Gazolin pran dife fasil e danjere anpil. Pa transpòte gaz anplis nan machin oswa kamyon ou. Si ou panse ou bezwen gaz anplis, lè sa a, swiv konsèy sekirite sa yo:
 - Sèvi sèlman avèk resipyan metal oswa plastik ki apwouve pou stoke gazolin.
 - Pa ranpli resipyan arabouch pou kite plas pou ekspansyon chalè a.
 - Pou diminye danje akòz elektrisite estatik, ranpli resipyan pòtab sou yon sifas ki plat atè, e pa andedan machin lan.
 - Aprè ou fin ranpli resipyan yo, sere tout bouchon yo byen, siye gaz ki koule, epi mete resipyan yo nan pozisyon pou yo pa panche.
 - Apre ou rive kote ou prale a, retire resipyan gazolin nan andedan veyikil la, epi sere li yon kote ki byen ayere.vantile. Sèvi ak gazolin ki estoke a lepli vit posib.

Evite oswa Trete Blesi

- Netwaye tout blesi ki louvri touswit, avèk savon ak dlo pwòp. Kouvri blesi yo avèk pansman ki pwòp, sèk, e ki laj ase pou kouvri blesi a epi kenbe pi oswa drenaj. Chanje pansman jan sa nesèsè epi lè ou ka wè drenaj atravè pansman an. Kontakte yon doktè pou chèche konnen si wi ou non plis tretman nesèsè (tankou paregzanp yon piki tetanòs). Si yon blesi vin wouj, anfle, oswa swente, chèche swen medikal imedyatman.
- Evite bèt sovaj oswa bèt ki pèdi. Si nenpòt ki bèt mòde ou, chèche swen medikal imedyatman. Si yon koulèv mòde ou, eseye idantifye li, konsa si li gen pwazon, yo ka ba ou bon remèd la. Pa ouvri blesi a oswa eseye souse venen an pou l soti. (Gade tou sitwèb CDC a [Laraj \(https://www.cdc.gov/rabies/\)](https://www.cdc.gov/rabies/). Sitwèb CDC [Lafyèy apre Rat Mòde \(https://www.cdc.gov/rat-bite-fever/\)](https://www.cdc.gov/rat-bite-fever/) Sitwèb, e [Pwoblèm Medikal ak Konsiderasyon Tretman pou Foumi Wouj Enpòte Foumi Wouj](http://fireant.tamu.edu/files/2011/12/FAPFS023_2002rev_Medical.pdf)(http://fireant.tamu.edu/files/2011/12/FAPFS023_2002rev_Medical.pdf))
- Si po ou oswa je ou sanble yo vin an kontak ak materyèl danjere, tankou asid batri machin, lave yo byen avèk dlo dekontamine epi chèche jwenn swen medikal jan sa nesèsè.
- Si ou gen blesi, ou ta dwe fè yo evalye ou pou vaksen tetanòs, menm jan ou ta fè nenpòt ki lòt lè gen yon aksidan. Si blesi ou an pèse oswa li kontamine avèk poujou, tè, oswa krache, mande yon doktè oswa depatman lasante detèmine si yon rapèl tetanòs nesèsè, selon dosye endividyèl ou.

Pou plis konsèy, gade [Swen pou Blesi Ijan apre yon Dezas Natirèl](#).

Pwoteje Tèt ou Kont Lòt Domaj sou Kò w

- Rete lwen bilding oswa kay ki domaje, jiskaske yon enspektè bilding oswa yon lòt otorite gouvènman egzamine epi sètifye li san danje. Pito ou tann lajounen pou retounen nan bilding nan, pou li pi fasil pou evite danje, sitou si elektrisite an koupe epi ou pa gen okenn limyè.
- Kite bilding nan imedyatman si ou tande bri ki chanjan oswa ki etranj, ki fè w panse kay la ka tonbe,

oswa si ou pran sant gaz osinon ou sispèk gen yon fwit.

- Fè ekip de oswa plis moun deplase objè ki gwo. Evite leve nenpòt ki materyèl ki peze plis pase 50 liv (pou chak moun).
- Mete kas, gwo linèt, gan travay ki epè, ak bòt ki pa pran dlo epi ki gen zòtèy asye ak semèl enteryè (pa sèlman janm dasye) pou fè travay netwayaj.
- Mete bouchon zòrèy oswa kas pwoteksyon pou redwi risk pou bri ekipman an fè w pa tande byen.
- Pa mache nan dlo. Gen dwa gen vè, mòso metal, ak lòt debri nan dlo a.
- Pran san ou epi fè moun ede ou pou evite fatig fizik e emosyonèl.

Koute radyo oswa gade televizyon pou Koute radyo oswa gade televizyon pou jwenn dènye enfòmasyon ijans yo.



(<https://www.ready.gov/>)



(<https://emergency.cdc.gov/socialmedia/index.asp>)

Page last reviewed: September 7, 2017

Page last updated: September 7, 2017

Content source: National Center for Environmental Health (NCEH) (<http://www.cdc.gov/nceh/>)/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR) (<http://www.atsdr.cdc.gov/>), National Center for Injury Prevention and Control (NCIPC) (<http://www.cdc.gov/injury/>)

Page last reviewed: September 7, 2017

Page last updated: September 7, 2017

Content source: National Center for Environmental Health (NCEH) (<http://www.cdc.gov/nceh/>)/Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR) (<http://www.atsdr.cdc.gov/>), National Center for Injury Prevention and Control (NCIPC) (<http://www.cdc.gov/injury/>)